



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON KONPETISYON 5 MILYON DOLA ENÈJI PWÒP
AK EFIKASITE ENÈJETIK**

***Konpetisyon Pou Bese Montan Depans pou Elektrisite yo epi Konbat Chanjman
Klimatik yo nan Rochester, Syracuse, Albany, Buffalo ak Yonkers***

***Sipòte Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) Eta New York lan Pou 50
Pousan Elektrisite Soti Nan Sous Renouvlab yo Apati 2030***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman yon konpetisyon enèji pwòp ki pral atribiye jiska 5 milyon dola pou pwojè efikasite enèjetik ki pi pwogresif yo nan Rochester, Syracuse, Albany, Buffalo ak Yonkers. Konpetisyon an reprezante dènye faz nan inisyativ Plan Enèji Senk Vil yo (Five Cities Energy Plans initiative), ki te lanse an 2015, pou ede vil yo redwi montan depans jeneral pou enèji yo ak emisyon kabòn yo, pou fè avanse dirabilite enèji an, epi pou sipòte kreyasyon travay ak teknoloji enèji pwòp yo.

“Administrasyon sa angaje nan redwi tras kabòn eta yo epi sipòte devlopman teknoloji inovatif yo pou konbat montan depans ekonomik ak anviwònmantral yo k’ap ogmante a pou chanjman klimatik lan,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Konpetisyon sa pral ede ankouraje kreyativite ak inovasyon ki se yon pati nan lespri eta sa, epi ede kreye yon vil New York ki pi pwòp, pi vèt epi pi dirab pou tout moun.”

Inisyativ Plan Enèji Senk Vil yo li sipòte estrateji Vizyon Refòm Enèji (Reforming the Energy Vision) Gouvènè an pou konstwi yon sistèm enèjetik ki pi pwòp, pi rezistan epi a pri abòdab, epi pou estimile investisman nan enèji pwòp yo atravè Eta New York. Pwogram lan pral ede tou reponn a estanda Enèji Pwòp Gouvènè an, ki mande pou mwaye kantite elektrisite ke yo konsome yo pou yo soti nan sous enèji renouvlab apati 2030, epi reyalize objektif leta a pou redwi emisyon kabòn lan de 40 pousan apati 2030.

“Vil yo ak kominote nou yo atravè eta a te akeyi rapidman nesesite pou yo pi efikas sou plan enèjetik, epi konpetisyon sa pral pèmèt plis lide kreyatif yo pou yo fleri,” **se sa Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Mwen enpasyan wè kisa sektè piblik ak prive yo gen pou ofri nan chak vil.”

Gouvènè Adjwen Hochul te lanse konpetisyon an nan Rochester, kote vil lan ap travay pou ranplase dis mil limyè konvansyonèl pa anpoul LED yo. Anpoul LED yo pral dire dè milye èdtan pi long ke anpoul enkandesan ak fliyoresan yo, epi yo itilize yon fraksyon nan elektrisite a. Pwojè ekleraj sa, yo estime ke li pral pèmèt vil lan ekonomize plis pase 300,000 dola nan depans pou enèji chak ane.

“Chak jou, vil ak kominote nou yo ap devlope deja solisyon inovatif pou redwi emisyon gaz a efè sèr yo epi pwomouvwa kominote ki pi an sante nan batay nou an kont chanjman klimatik yo,” **se sa Richard Kauffman, ki se Prezidan Enèji ak Finans Eta New York, te deklare.** “Mwen kontan dèske konpetisyon sa pral angaje minisipalite nou yo pou sipòte pi plis pwogrè ke nou tout ap fè atravè eta a pou kapab reyalize kèk nan objektif enèji pwòp nasyon an ki pi anbisyè yo.”

“Kolaborasyon enteresan sa te deja pote avantaj ekonomik ak anviwònmanal ki tanjib pou gwo vil nan New York yo, men sa ki pi bon an rete pou vini,” **se sa Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak CEO NYPA (New York Power Authority), te deklare.** “Mwen pa ka rete tann pou mwen wè inovasyon yo ke konpetisyon sa pral jenere pou ekonomize enèji epi revitalize kominote yo.”

“Gouvènè Cuomo ak Otorite Kouran New York yo te lanse yon defi ke Rochester enpasyon pou akeyi,” **se sa Lovely A. Warren, ki se Majistra Rochester a, te deklare.** “Konpetisyon Senk Vil yo pral ba nou nouvel lide pou amelyore itilizasyon enèji an ak dirabilite nan Rochester, epi prim sibvansyon yo pral ede nou reyalize objektif ki te prezante yo nan Plan Enèji Senk Vil Rochester yo. Jesyon anviwònmanal la se yon eleman majè nan jefò nou yo pou kreye plis travay, vwazinaj ki pi sekirize, ki pi dinamik, ak pi bon opòtinite edikatif pou sitwayen nou yo.”

Yo dwe voye aplikasyon yo an Janvye, epi yo pral evalye yo baze sou kritè nou pral site la yo: ekonomi enèji ak pri abòdab (40 pousan); enpòtans nan plan enèji vil lan (20 pousan); prepare pou lansman konstwiksyon yo (10 pousan), reyenvestisman ekonomi yo (10 pousan); inovasyon (10 pousan) ak lòt enpak yo (10 pousan). Aplikasyon ki reyisi yo pral kalifye pou resevwa jiska 500,000 dola nan finansman pou chak pwojè, epi vil yo kapab soumèt plizyè pwojè.

Anba pwogram senk lane an, vil yo resevwa sipò teknik ke leta finansse pou anboche direktè ak analis enèji yo ki pou konsewa plan enèji yo. Pwogram lan te bay deja 4 milyon dola nan finansman pou divès pwojè efikasite enèjetik ki te ekonomize vil yo 1.5 milyon dola nan depans pou enèji chak ane, epi redwi emisyon kabòn lan de 7,380 tòn metrik, oswa ekivalan a retire 1,560 machin sou wout lan.

“Mwen aplodi achèzman modènizasyon LED yo atravè vil Rochester an nan yon jefò pou fè enpak pozitif sou anviwònman nou an, epi ekonomize lajan moun ki peye enpo yo nan depans pou enèji yo. Nouvel konpetisyon pwogresif sa pral kontinye ajoute sou pwogrè ke Rochester te fè pou kapab redwi depans jeneral pou enèji yo ak emisyon kabòn yo,” **se sa Michael H. Ranzenhofer, ki se Senatè Eta, te deklare.**

“New York te toujou yon lidè nan inisyativ enèji pwòp yo, epi mwen kontan anpil dèske pwogram kolaboratif sa pral fasilite pi plis inovasyon,” **se sa Joseph D. Morelle, ki se Lidè Majorite Asanble a, te deklare.** “Mwen rekonesan anè Gouvènè Cuomo, Otorite Kouran New York yo, ansanm ak divès patnè nou yo poutèt devouman yo nan envesti nan kominote vèt yo.”

“Sa se yon gwo viktwa pou fanmi nou yo, vil nou an ak pou anviwònman an,” **se sa Harry B. Bronson, ki se Manm Asanble a, te deklare.** “Ekleraj lari ak LED an se yon

teknoloji k'ap emèje ki gen potansyèl imans pou vil ak biznis nou yo, pou redwi yon fason konsiderab depans pou elektrisite yo, enpak anviwònmanal yo, ak depans pou mentnans yo pandan l'ap amelyore kalite ekleraj la. Mwen aplodi Gouvènè an ak NYPA poutèt yo abòde vrè defi an nan bay finansman ki se yonn nan faktè enpòtan yo nan transfòmasyon pwojè ekleraj lari yo. Modènize sistèm ekleraj aktyèl lari vil yo, sa se yon investisman entansif kapital ke y'ap reyalize nan yon moman kote Rochester ap fè fas sou plan fiskal. Prim sa pral bay resous ki nesèsè yo pou ede fè pwojè sa vanse devan soti nan kòmansman jiska reyisi reyalizasyon li.”

Plan Enèji Senk Vil yo ap elaji sou pwogram BuildSmart NY lan, ke Gouvènè Cuomo te etabli nan lane 2011 pou ogmante efikasite enèjetik nan batiman piblik yo. Vil yo pral travay nan objektif pou redwi itilizasyon enèji an de 20 pousan apati ane 2020 pou batiman minisipal yo, ak 20 pousan apati ane 2030 nan tout vil la, ki enkli tou batiman prive yo.

Pou kapab aprann pi plis sou Refòm Vizyon Enèji Gouvènè Cuomo an, tanpri vizite www.ny.gov/REV4NY.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418